

N Ap Jwenn Fòs Nou


Yon Gid Pou Fanm ak Fanmi
yo K San Kay



Nan Cambridge, Somerville
ak ozalantou Boston



Trajektwa w pou Chache Kay



"Respire. Lavi a ap eseye fè chwa pou w men nan analiz final la, pouvwa a se nan men w li ye." —YON MANMAN NAN TRANZISYON LOJMAN

Aplike Pou Cheltè



Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA)

Dudley Square Branch

2201 Ri Washington, Roxbury.617-989-6000

Revere Branch

300 Ocean Avenue, Revere.781-286-7800

Liy Enfòmasyon Itil/Enpòtan

Aplikasyon pou enfòmasyon800-249-2007

*Enfòmasyon sou kijan pou aplike pou asistans ak sèvis DTA ofri; men, li toujou pi bon pou ale nan youn nan ofis yo **an pèsòn***

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanntè oubyen (SNAP)

Liy pou Benefis866-950-FOOD (3636)

Enfòmasyon sou kalifikasyon ak aplikasyon pou SNAP

KONSÈY Si yo refize/denye w kay, cache sipò konseye oubyen sèvis legal (gade paj 13). Tout refi (EA, vyolans domestik, etc) ka prezante nan kou dapèl. Gade paj 14 pou ka espesyal.

Sa w Dwe Atann

Lè w rive nan DTA, ou pral pase nan pwosede "Screening".

Prepare w pou esplike sa k te rive ki lakòz ou pa gen kay. Sa pral ede DTA teknisyen yo detèmine ki resous ki disponib pou ou ak pou fanmi ou. Si w kalifye, w ap resevwa Asistans Dijans oubyen (EA)

Pa bliye pote dokiman sa yo:

- Lisans oubyen Idantifikasyon Eta a
- Batistè
- Kat Sekirite Sosyal
- Enpo (tax) sou lajan ou fè
- Dokiman sou zafè sante
- Enfòmasyon sou sipò timoun
- Prèv lajan ou fè
- Dokiman sou imigrasyon (si w pa yon sitwayen peyi Meriken)

KONSÈY Atann pou pase yon bon tan nan DTA; pote yon liv, ti jwèt, ti goute, kouchèt, bibwon, etc. pou pitit ou.

Lòt Opsyon Cheltè

Cheltè k swiv yo pa gen okenn Asistans Dijans oubyen (EA); yo se yon seri. “Sal kominotè” pou ti sejou kout sans referans ak san ranpli papyè DTA. Kabann yo estrèmman limite. Tanpri, rele anvan, pa annik parèt.

Traveler’s Aid Family Emergency Shelter Program

Boston.....617-542-7286
Dwe ansyen/aktyèl lokatè Boston avèk timoun anba laj 20tan

Sejourner House, Roxbury617-442-0590

Bebisit, konseye pou kay, anplwaye k pale Panyòl ap disponib

Queen of Peace, Boston.....617-288-4182

Pa asepte adolesan ak timoun sèks maskilen ki gen plis pase 5kan



“Travay di, peye dèt ou, fè tout sa w kapab pou pa retounen nan cheltè!”

—YON MANMAN 2 KI RESAMMAN SAN KAY

KONSÈY Ajans sa yo bay asistans ak konsèy gratis pou chache kay, ansanm avèk sèvis estabilizasyon:

HomeStart, 678 Mass Ave, Cambridge617-234-5340

HomeStart, 105 Ri Chauncy, Boston617-542-0338

Aksyon pou Devlopman Kominote Boston oubyen (ABCD)

Depatman Lojman ak Prevansyon San-lojman

178 Ri Tremont, Boston617-348-6347

Kowalisyon San-Lojman Somerville

One Davis Square, Somerville617-623-6111

Chache Kay/Lojman

Lè w plase nan yon cheltè, y ap ba ou yon manadjè ka oubyen yon konseye pou ede ou chache kay. Konseye pou chache kay la ap vin yon alye nan ede w chache kay pou yon bon bout tan. Konseye a pral ede w kreye yon dosye sou istwa cheche kay konsa ou ka ranpli yon nouvo aplikasyon pou lojman. Plis enfòmasyon ou bay oubyen pataje avèk konseye a, se plis l ap pi byen ekipe pou ede ou.

Konseye pou kay la ap travay tou avèk ou pou jwenn pi resan

- rapò sou kredi w
- CORI (si l nesèsè)



KONSÈY Pa bliye pwogram “vouchers” yo ki disponib e ki baze sou lajan w ap fè.

Mande moun k ap reprezante nan chache kay la pou ba ou tout opsyon kay ki disponib pou ou: piblik, eta, an ka dijans, Federal, Federal Dijans, ak Seksyon 8. Si w chanje kay, fè yon jan pou bay nouvo adrès la nan tout kote ou aplike.

Travay kolaborativman avèk anplwaye cheltè yo pou devlope yon bon bidjè kote antre plan pou louvri yon ti kont depay pou ede w avèk lajan l ap koute pou chache kay.

“Eseye kenbe yon atitud pozitif paske gen anpil bagay negativ nan jan sitiyasyon sa a. Pa kite l demoralize w.”

—MANMAN NAN CHELTÈ

Pou Timoun Yo

KONSÈY Si w rete nan yon EA cheltè, mande moun ki reprezante w la enfòmasyon sou pwogram ki rele Cradles to Crayons ki bay jwèt, vètman/rad ak lòt bagay gratis pou timoun ki nan bezwen.

Rele Koòdonatè Tit I Depatman lekòl la oubyen mande moun ki reprezante w la enfòmasyon sou pwogram "early intervention, home-based, anvan-lekòl ak apre-lekòl".

Pran avantaj pwogram vakans dete yo kote w rete a epi pa bliye fanmi dwe enskri bonè nan prentan pou pitit yo ka patisipe nan kan pou vakans dete yo.

Vètman/Rad

Echanj Vètman/Rad Pou Timoun, Roosevelt Towers
391 Evereteze Way, Cambridge617-576-0039
Madi-Jedi 10am-4pm, chak dezyèm ak katyèm samdi 11am-3pm

Gadri pou Timoun

Plas nou Lame Di Sali
402 Massachusetts Avenue, Cambridge.....617-547-3400
Ofri fanm ak timoun ki pa gen kay aksè pou swen santé avèk gadri

"Head Start Day Care"
66-70 Union Square, Somerville 617-623-7370 x127

Cambridge-Somerville 'Early' Prevansyon

Sant Konsèy, Inc.
61 Ri Medford, Somerville 617-629-3919 x114
Sèvi timoun a pwoblèm depi yo fèt jiskaske yo gen laj twa zan e ki gen chans pou gen delè/reta nan devlopman yo ak lòt kondisyon

"Mwen dwe kontinye lite anvan yon bagay rive. Timoun yo se lavni. Yo bezwen resous pou yo rive gen siksè." —MANMAN NAN CHELTÈ


Lòt Opsyon Gadri oubyen Apre-Lekòl

Child Care Resource Center/Sant Resous Pou Swen Timoun
130 Bishop Allen Drive, Cambridge.....617-547-1063

Cambridge Center for Families/Sant pou Fanmi Cambridge
70 Rindge Avenue, Cambridge.....617-349-6385

Boston Center for Youth & Families/Sant pou Jenn ak Fanmi Boston
1483 Ri Tremont, Boston617-635-4920

Childcare Choices of Boston/Chwa Gadri Boston
105 Ri Chauncy, 2zyèm etaj, Boston
Referans pou jwenn yon Espesyalis.....617-348-6641
Lendi-Vandredi: 9:30am-3:30pm



Pwogram Bibliyotèk

Bibliyotèk Piblik Cambridge
449 Broadway, Cambridge, Seksyon pou Timoun...617-349-4038

Bibliyotèk Piblik Boston
700 Ri Boylston, Boston.....617-536-5400
Bibliyotèk piblik yo prezante souvan anpil pwogram gratis pou timoun ak paran tankou lè pou istwa ak atizana.

Pwoteje Sante w



Alyans Sante Cambridge

Alyans Sante Cambridge

1493 Ri Cambridge, Cambridge617-665-1305

Rele pou mande pou yon doktè oubyen yon pedyat

Si w ansent epi ou bezwen wè yon doktè imedyatman, rele oubyen:

Sant Pou Fanm Somerville, 230 Highland Avenue, Bldg Sid ,
5kyèm etaj, Somerville617-591-4800

Sant Pou Fanm Cambridge

1493 Ri Cambridge, Cambridge617-665-2800

KONSÈY

Poze doktè a kesyon sou vaksen k esansyèl pou pitit ou pran pou l rete an santé.

Lopital Cambridge

Depatman Dijans Sikyatri617-665-1560

Pou swen sante mantal anka dijans

***“Mwen reyalize si w montre respè,
sa ap fè moun pi dispoze pou ede w.”***

—MANMAN AN TRANZISYON

Swen Sante Cambridge/Somerville pou Moun Ki Pa Gen Kay

Klinik Lame Disali Cambridge

4032 Mass. Avenue, Cambridge617-547-3400

Rele pou mande orè klinik yo

Swen Sante Boston Pou Moun Ki San Kay/Lojman

Sant Medikal Boston, Boston617-638-8000

Rele pou mande pou yon doktè oubyen yon pedyat

Plas Jean Yawkey, 780 Ri Albany, Boston857-654-1000

KONSÈY

Mande enfòmasyon sou Zouti Sante Timoun pou manman k san Kay/lojman

Sant Sante Sidney Borum Jr.

130 Ri Boylston, Boston617-457-8140

Pou granmoun ak jenn laj 12zan-29van sèlman

Manje Byen

Depo kote yo bay manje gratis (pantry)

Pou jwenn yon kote k bay manje touprè lakay ou, rele
Pwojè "Bread's Foodsource Hotline" nan 800-645-8333

Margaret Fuller House Food Pantry

71 Ri Cherry, Cambridge.....617-547-4680
Mèkredi: 5pm-7pm; Jedi-Samdi: 9am-midi

ABCD North End/West End Pantry

One Ri Michelangelo, Boston617-523-8125

Haley House, Inc

23 Ri Dartmouth, Boston617-236-8132
Bay manje ak pwodui alimantè fre chak semèn

Cambridge Economic Opportunity Commission (CEOC)/ Komisyon Avantaj Ekonomik Cambridge(KAEC)

11 Ri Inman (sousòl) Cambridge.....617-868-2900
Lendi, Mèkredi: 4pm-6pm, Madi: midi-2pm, Jedi: 11am-1pm



KONSÈY Chache konnen kisa w ka fè pou jwenn
koupon pou manje nan Ofis DTA bò lakay
ou oubyen rele SNAP hotline la nan **866-950-FOOD (3663)**.

Si w ansent oubyen pitit ou anba laj senkan, w ap elijib pou
aplike pou koupon WIC pou achte manje.

Manje/Repa

Plas Dejene Fanm

67 Ri Newbury, Boston.....617-267-1722
Lendi-Samdi: 7am-2pm, kolasyon: 8am-11am, Dejene: midi-2pm

Pwojè SOUP

Legliz St. Benwa, 15 Ri Franklin (nan sousòl la, pa dèyè)
Lès Somerville617-776-7687
*Lendi, Madi, Vandredi: 10am-2pm, Mèkredi: midi-4pm,
Jedi: 1pm-4pm, Samdi: 9am-midi*

Bon Repa Pou Tout Moun

Kominote Legliz Baptis Somerville
31 College Avenue, Davis Square, Somerville
*Soupe Kominotè dezyèm vandredi di mwa
6:30pm (5:30pm pou atelye travay sou zafè nitrisyon)*

Soupe Kominotè

Premye Legliz Kongregasyonèl Somerville
89 College Avenue, Davis Square, Somerville
Toulè lendi kòmanse a 5pm

Fòmasyon & Edikasyon



Pou ou

Critteton Women's Union

One Washigton Mall, Boston617-259-2900
Konsèye pou karyè ak pwogram edikasyon pou fanm/manman ki pa fè anpil lajan

YouthBuild Boston

504 Ri Dudley, Ruxbury617-445-8887
Trening pou travay ak pwogram edikasyon pou jenn laj 16zan-24tran ki pa p fè anpil lajan

One Family Scholar

186 Ri South, 4triyèm etaj, Boston 617-423-0504 x214
Yon Pwogram bous pou kolèj pou moun ki pa p fè anpil lajan ak pou yonsèl paran san kay/lojman

KONSÈY Si w anwole nan lekòl (oubyen w ap travay) ou ka elijib pou plis benefis tankou rabè pou gadri ak tikè pou transpò.

“Eseye byen itilize tan w. Etandone w ap rete isit la pou ale lekòl, li ta bon pou fè yon aktivite olye w chita ap gaspiye tan w.”

—MANMAN 2 TIMOUN NAN CHELTÈ

Pou Pitit ou

Lekòl Cambridge yo

Lyezon Fanmi pou San-Lojman617-349-6551

Lekòl Somerville yo

Lyezon Fanmi pou San-Lojman 617-625-6600 x6028

Lekòl Boston yo

Resous Pou Edikasyon Moun San-Lojman

Koòdonatè Rezo Sèvis yo.....617-635-8037

Pitit ou gen dwa pou:

- Rete nan ansyen lekòl li oubyen transfere nan youn ki touprè kote l rete aktyèlman
- Jwenn transpò gratis ale/retou si l nan klas K-6 epi l rete plis pase 1.6 kilomèt lekòl la
- Jwenn transpò gratis ale/retou si l nan klas 7-8 epi l rete plis pase 2.4 kilomèt lekòl la
- Komanse lekòl imedyatman menmsi tout papye yo poko fin ranpli
- Gen menm aksè ak avantaj pou tout pwogram ak sèvis
- Resevwa kolasyon ak dejene lekòl la gratis

Transpò

MBTA

Aksè pou Pas Transpò oubyen (TAP)

Si w andikape, ou ka kalifye pou yon rabè pou pas tranpò; Mande moun ki reskonsab zafè sante w asistans avèk aplikasyon elektwonik la http://mbta.com/riding_the_t/accessible_services/default.asp?id=17163

Timoun laj 11zan ak pi ba

Jiska 2 timoun ka monte otobis la gratis lè yon paran k peye akonpaye yo

Sèvis Transpò Lekòl la

Etidyan 6zyèm-8tyèm ak etidyan klas segondè ka monte otobis yo a yon rabè 50% pri regilye a, e y ap elijib pou achte yon Tpas pou \$20.00 chak mwa pou pran otobis, otobis ekspès, tren “subway” ak “communter rail” pou yon tan san limit.



KONSÈY Kòm moun ki nan tèt kay la ki anwole lekòl oubyen ap travay, ou ka elijib pou jwenn sipò pou transpò. Sonje tcheke avèk DTA anplwaye w (ak manadjè ka cheltè a) sou posiblite èd pou gadri ak transpò.

Paran ka rele anplwaye Lyezon Fanmi Lekòl la pou San-lojman (gade paj 9) pou enfòmasyon oubyen pou ede w avèk transpò lekòl pitit ou.

Sipò & "Empowerment"

YogaHope

Yon òganizasyon "outreach" san pwofi ap bay klas yoga gratis pou fanm ki pa gen èd; klas yo disponib nan:

- House Transition, Cambridge.617-591-6909
- Meridian House, Boston617-569-6050
- Women's Lunch Place, Boston.....617-267-6803
- Women Hope, Dorchester617-442-0048
- The Family Center.....617-628-8815

Boston Alcoholics Anonymous/

Alkoholik Anonim Boston617-426-9444

Boston Narcotics Anonymous/

Nakotik Anonim Boston617-884-7709

Cambridge Cares About AIDS/AIDS Action (Plan Daksyon Cambridge pou Swen SIDA)

17 Ri Sellers, Cambridge.617-661-3040

Reaching Out About Depression (ROAD)617-591-6909

Yon pwogram kominotè "outreach" ki bay yon varyete atelye travay gratis ak konfidansyèl gratis pou fanm Cambridge ak Somerville ki pa fè anpil lajan e ki bezwen sipò emosyonèl.

Sant Pou Fanmi Somerville

366 Somerville Avenue, Somerville.617-628-8815

Yon ajans sèvis pou fanmi san-pwofi ki bay terapi, atelye travay sou fason pou leve timoun, ak lòt evènman a karaktè famiyal

Sant Pou Fanm Cambridge

56 Ri Pleasant, Cambridge617-354-8807

Yon sant resous ak espas a sekirite pou fanm sèlman

Sant Konsèy

5 Ri Sacramento, Cambridge617-354-2275

Sèvis pou timoun piti ak fanmi

Kowalisyon Massachusetts Pou San-Kay/san-Lojman

15 Ri Bubier, Lynn781-595-7570

Pwogram sa a bay èd pou moun san-lojman oubyen k andanje pou chanje kay rapidman pou yon kriz tanporè oubyen evite vin san-lojman an jeneral

Kay/Lojman Pou Fanmi

14 Ri Beacon #615, Boston.617-227-4188

Yon kolaborasyon fanmi k gen eskperyans nan zafè san-lojman; yo òganize, defann prensip ak lwa pou amelyore sous ki lakoz yon fanmi vin san-lojman.

"Jis pran lavi a jan l vini chak jou."

**—YON MANMAN TWA
KI FÈK JWENN LOJMAN**



Ed Legal



Cambridge & Somerville

Sèvis Legal617-603-2700

Greater Boston

Sèvis Legal 617-371-1234 oubyen 617-742-9179

SPAN Inc

105 Ri Chauncy, 6zyèm etaj

Boston..... 617-423-0750 oubyen 617-482-2717

Asistans pou aktyèl oubyen ansyen prizonye. Pwogram nan priyorize manajman ka, lojman, bezwen debaz, benefis sekirite sosyal, devlopman karyè, sèvis santé, ak sipò gwoup yo

Sant Kominotè Sèvis Legal ak Konsèy oubyen (CLSACC)

One Ri West, Cambridge.....617-661-1010

Priyorize sèvis legal pou fanmi, lojman, imigrasyon, ak benefis pou andikape

VLP Volunteer Lawyers Project (Boston Bar Association)

PVA Pwojè Volontè Avoka

90 Ri Chauncy, Suite 400, Boston.....617-423-0648

www.masslegalhelp.org

Priyorize lwa pou fanmi, pwopriyete kay, moun san-travay, fayit, rekòd kriminel

Biwo Ed Legal Harvard

23 Ri Everett, Cambridge.....617-495-4408

Priyorize lwa pou travay, sèvis legal pou fanmi/vyolans domestick, pwopriyete k pèdi kay, lojman, SSI/SSDI, benefis pou konpanse moun ki pa gen travay

Community Legal Assistance Services Project (CLASP)

Pwojè Kominotè pou Sèvis Asistans Legal

Sant Milti-Sèvis Cambridge

19 Ri Brookline, Cambridge.....617-349-6340

Bay sèvis legal gratis pou moun Cambridge ki san-kay/lojman Chak Madi kòmanse 8:30 dimaten

KONSÈY

Si w gen yon ka legal,
sonje pou kòmanse bonè
paske pwosede pou jwenn yon defansè legal
ak pou fèmen yon dosye pran anpil tan.

Sèvis Estabilizasyon Fanmi Yon Fwa w Jwenn yon Kay

Sèvis Estabilizasyon Fanmi se pati enpòtan pou kenbe yon nouvo kay. An jeneral, nan sèvis sa yo antre gen yon manadjè ka oubyen yon defansè pou vizite w nan nouvo kay la, pou ede konekte avèk tout resous lokal tankou bank, gadri, asistans luil pou chofe kay, sistèm lekòl vil la, gwoup paran pou montre kijan pou leve timoun, biwo ki bay manje gratis, bibliyotèk, GED, sant pou karyè ak touy lòt bagay ankò.

Chache jwenn ki sèvis estabilizasyon ajans ou ofri; travay avèk manadjè ka a pou mete tout bagay **anplas** anvan ou antre nan nouvo kay la. Lè w fè sa, l ap ede adousi tranzisyon paran ak pitit li nan nouvo kay la, avèk ede w rete nan nouvo kay la pou yon bon bout tan.



“Lè ou fèk antre nan yon kay, li enpòtan pou kenbe kontak avèk tout kote k ap ba ou sipò ak rekonèt ke l ap pran w yon bon bout tan anvan w vin alèz.” —MANMAN K FÈK JWENN YON KAY

KONSÈY

Li pape pou kay la avèk anpil atansyon. Si w gen kesyon, kesyone mèt kay la oubyen manadjè w. Chache konnen dwa ou ak konprann reskonsablite ou kòm lokatè.

Voye lèt ou yo nan nouvo adrès la konsa ou pa p manke oubyen pèdi okenn kominikasyon. Li kritik pou echanje adrès avèk Depatman Lojman, yon fason pou nouvo adrès la ka ale nan tout kote w aplike pou kay.

Eseye konekte pi vit posib avèk yon doktè oubyen pedyat nan nouvo katye a konsa oumenm ansanm avèk pitit ou ka rete an bòn sante. Pa bliye echanje adrès avèk Mass Health oubyen lòt konpayi asirans.

Ka espesyal

Ka gen kèk sèvis ki disponib pou ou si w vin san-lojman epi ou se:

Yon viktim vyolans domestik

Rele Safelink, yon liy telefòn ki louvri 24 sou 24 nan **877-785-2020** pou enfòmasyon

Oubyen

Yon veteran

Rele Depatman Afè Veteran, Pwogram pou Fanm Veteran San-Lojman nan **857-364-4027**

Oubyen Depatman Sèvis Veteran Cambridge
51 Ri Inman, Cambridge nan **617-349-4761**

Remèsiman

Gid sa a te mete sou pye ak konstwi nan efò kolektif anpil fanm konsekan nan kominote a. Nou swete remèsye Ronit Barkai, Trudy Bartlett, Kathy Bouchard, Melody Brazo, Jean Burbidge, Jonna Hopwood, ak Lynne Tyree pou tan, sajès ak konsèy yo. Anplis, nou vle rekonèt vizyon avèk angajman Patricia Maher ak Barbara Watts, epi ofri Claire Calderon pwofon gratitud nou pou ankourajman, talan ak dedikasyon li.

Nou voye tou yon gwo kout chapo pou Fred Berman pou devouman li pou pataje konpetans li.

Finalman, nou voye yon kokenn chenn kout chapo pou tout fanm ak fanmi yo ki te pataje istwa yo, ak ofri konsèy sou fason pou ede lòt fanmi k ap fè eksperyans san-kay oubyen san-lojman.

Definisyon Tèm yo

Community Rooms/Beds: Yon kantite espesifik kabann nan yon cheltè ki pa bezwen yon referans DTA/DHCD

CORI: Rekòd enfòmasyon sou dosye kriminel

DTA: Depatman Asistans Tranzisyon (DAT)

DHCD: Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè (DLDK)

EA: Asistans Dijans (AD)

Seksyon 8: yon pwogram lojman federal ki bay fich pou ede fanmi ak endividyèl ki pa fè anpil lajan nan ane a peye yon kote pou yo rete. Genyen de (2) tip:

1) A baz Lokatè: yon fòm èd pou kay ki ale avè ou nenpòt kote ou vle rete

2) A baz Pwojè: yon fòm èd ki aplike pou yon apatman/kay byen patikilye e ki pa kapab transfere.

SNAP: pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman (kupon pou manje oubyen food stamps)

Pou plis enfòmasyon oubyen pou jwenn korek sou gid kid la, tanpri kontakte Cambridge Commission on the Status of Women oubyen Cambridge Komisyon sou Estati Fanm nan **617-349-4697**.



A printable pdf of this guide is available at <http://cambridgewomenscommission.org/youfindyourstrength>

Design by Tyler Kemp-Benedict of hardworkingtype.com Avril 2011